




# FAMILY SERVICES INFORMATION

## Byenvini nan Henry County!


Pou w ka gen aksè ak enskripsyon sou entènèt kòm nouvo fanmi nan “Henry County Schools”, swiv etap anba yo. Anvan w kòmanse pwosedi enskripsyon an, tanpri rasanble dokiman enskripsyon sa yo pou chak etidyan:

- Foto idantite pou paran/ responsab k ap anrejistre a
- Sètifika nesans pou chak etidyan
- Prèw rezidans (dokiman an dwe gen non paran/responsab k ap anrejistre a)
  - Fich lokasyon oswa enpo lokatif AK
  - Fich sèvis piblik aktyèl oswa lèt sèvis (Gaz, kouran, dlo, asenisman oubyen televizyon)
  - Si yo paka bay dokiman anlè yo, fòk yo prezante yon Afidavit Rezidans (rele nan 770-957-3945 oubyen vizite Sant Dakèy HCS pou tout enfòmasyon sou Afidavit)
- Fòmilè 3300 Jòjya (Georgia), egzamen Je/Zòrèy/Dan/Nitrisyon pou chak etidyan
- Fòmilè vaksinasyon Jòjya (Georgia) 3231 pou chak etidyan
- Dokiman ki pwouve w gen yon responsab oswa yon gadyen, si sa nesèsè
- Si w vle: Kat Sekirite Sosyal/Nimewo

Lyen enskripsyon an plase sou ba navigasyon nan paj akèy “Henry County Schools” yo (<https://schoolwires.henry.k12.ga.us//Domain/1>).



Pase sou REGISTRATION pou w ka afiche yon meni ki bay plizyè opsyon. Klike sou “New student”.





# FAMILY SERVICES INFORMATION

Defile paj la jis ou rive nan seksyon "New Student Registration" an epi klike sou "Expand All".

Nan etap 1 pou w konplete "Steps to Complete New Student Process" la, swiv lyen ki voye w nan paj anrejistreman pou nouvo fanmi ("CLICK HERE").

Yon lòt fenèt ap louvri pou platfòm enskripsyon sou entènèt la.

Swiv etap pou anrejistreman sou entènèt yo.

W ap resevwa yon mesaj konfimasyon nan adrès imèl ou te bay la. Imèl sila a ap gen yon lyen k ap pèmèt paran an rantre epi soti sou aplikasyon an jiskaske l fin soumèt demann enskripsyon sou entènèt la kòm sadwa.

Gen divès seksyon nan pwosedi a, non tout nouvo etidyan nan kay la dwe ajoute nan yon aplikasyon. Aplikasyon an ap gen yon nimewo ak 5 chif; ekri l yon kote pou w ka itilize l lè w ap gen bezwen l.

Lè w fin konplete aplikasyon an epi w remèt li, demann ou an prale nan lis atant lekòl ki koresponn lan. Pèsonekòl lekòl la ap kontakte w si yo bezwen yon lòt bagay, toujou verifye adrès imèl ou te bay nan pwosedi kandidati a.

